# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन आजु संसद में केन्द्रीय बजट दुइ हजार पचीस छब्बीस पेस कइलिनि। एनडीए सरकार के तिसरका कारकाल क पहिला बजट पेस करति वित्त मंत्री बतउलिन कि नया कर व्यवस्था के तहत बारह लाख तक ले आय पर कउनो टेक्स नाही देवे हे होई। एह में विष्सिट दर आय जइसन पूजीगत लाभ छोड़ि के एक लाख रूपिया महिन्ना के औसत आय पे कउनो टैक्स नाही देवे के होई। बेतन भोगियन बदे ई सीमा पचहत्तर हजार क मानक कटौती के चलते बारह लाख पचहत्तर हजार होई। ओहां के किसानो बदे कई घोसणा कइलिनि। एगो रिपोर्ट

***वित्त मंत्री ने इस मौके पर प्रधानमंत्री धन–धान्य कृषि योजना और विकासशील कृषि जिला कार्यक्रम की घोषणा की। वित्तक मंत्री ने कहा कि सरकार खाद्य तेलों में आत्मनिर्भरता प्राप्त करने के लिए राष्ट्रीय खाद्य तिलहन मिशन कार्यान्वित कर रही है। सरकार, अरहर, उड़द और मसूर के उत्पा दन पर विशेष ध्यान देने के साथ छह वर्षीय "दलहन आत्मनिर्भरता मिशन" भी शुरू करेगी। वित्त मंत्री ने यह भी बताया कि उद्यम पोर्टल पर पंजीकृत सूक्ष्म उद्यमों के लिए पांच लाखरुपये की सीमा वाले विशेष क्रेडिट कार्ड शुरू किए जाएंगे। उन्होंने कहा कि इस योजना में पहले वर्ष में, दस लाख कार्ड जारी किए जाएंगे। आकाशवाणी समाचार कक्ष से वेद प्रकाश पाठक***

वित्त मंत्री बतउलिनि कि पांच लाख महिला,अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जन जाति के उद्यमियन बदे एगो नई योजना सुरू कइल जाई। जेहमें पांच बरिस के दौरान दुइ करोड़ ले सावधि करजा उपलब्ध होई।

वित्त मंत्री कहलिनि कि सुक्ष्म अउरि लघु उद्योग बदे करजा पांच करोड़ से बढ़ा के दस करोड़ कइल जाई। उहां के सिक्षा, स्वास्थ्य, कृषि, अउरि निवेस से जुड़ल कई अउरियों घोषणा कइलिनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी और गृहमंत्री अमित शाह समेत बीजेपी अउरि ओकर सहयोगी पारटी आम बजट के स्वागत कइले हइनि। ओहीं विपक्षी नेता बजट के आलोचना कइले हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आम बजट क स्वागत कइले हवे। ओहां के कहलीं कि ई बजट बिकसित भारत के संकलप के पूरा करे बदे उठावल गइल ठोस कदम क नेव हौ।

***प्रधानमंत्री जी ने ज्ञान का बजट बता कर चार अक्षरों में इसे परिभाषित किया है। जी फॉर गरीब, वाई फॉर युवा, ए फॉर अन्नदाता और एन फॉर नारीशक्ति। यानि इन चार महत्वपूर्ण आयामों को ध्यान में रख कर के एक विकसित भारत के लिए आत्मनिर्भर भारत का निर्माण करना है।***

आम बजट क प्रबुद्धजन अउर समाज के अउरियो बरग के लोगि परसंसा कइ रहलि हवे। जौनपुर जिला के मड़ीयाहूं पीजी कालेज के प्राचार्य डाक्टर सुरेश कुमार पाठक किसान अउर जन स्वास्थ्य से जुड़ल मुद्दा पर ध्यान दहेले क स्वागत कइले हवे।

***आज का बजट जनता के लिए बहुत ही आकर्षक रहा। जनहित में रहा। किसान क्रेडिट कार्ड की सीमा तीन लाख से बढ़ा कर पांच लाख कर दी गई जो किसानों के लिए बहुत ही आवश्यक था। किसान ही देश की मेरुदंड हैं। इन्हीं के द्वारा हमारा निर्यात या आर्थिक पूंजी का लाभ संभव हो पाता है। चिकित्सा के क्षेत्र में बजट बहुत ही प्रशंसनीय रहा। कैंसर हार्ट जैसी दवाओं को लगभग छत्तीस दवाओं पर कस्टम ड्यूटी मुक्त किया गया यह एक स्वागत योग्य कदम है।***

**********

उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आजु सपरिवार महाकुंभ प्रयागराज पहुंचलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनकर अगुवानी कइलें अउरि महाकुंभ क्षेत्र क भरमण करवइलें। उप राष्ट्रपति लेटर हनुमान मंदिरों में पूजा अरचना कइलें। एह से पहिले मुख्यमंत्री ओनसीस जनौरी के संगम नोज पर भइल दुरघटना स्थल के निरीक्षण कइलें। उहां के मेला क्षेत्र में संत सम्मेलनों मे हिस्सा लेहलें। कई देसन के राज नयिक आ मेहमानों आजु महाकुंभ मेला क भरमण कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर परिसर में जनता दरसन कार्यक्रम में हिस्सा लेहलें। ओहां के सौ लोगिन से मोलाकात कर उनकर सेमेस्या सुनलीं अउरि अधिकरियन से जन सेमेस्या क जुरते अउरि संतुष्ठि परक निस्तारण क निरदेस दिहलिन।

**********

मौसम विज्ञान विभाग अगिला दुइ दिन्न ले मौसम सुस्क रहले अउर हल्लुक से लेके मधिमाहे कुहेसा क अनेसा जतवले हौ। विभाग के मोताबिक पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहने अउर तीनि फरौरी के देरि राति अउर भिन्नही हल्लुक से मधिमाहे कुहेसा जनजीवन परभावित कर सकेला। अजुओ राति कहीं–कहीं घना कोहरा क चेतावनी जारी कइल गइल हौ।

**********